**दिन– सोमवार** **दिनांक–20.01.2025**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

अखिल भारतीय पीठासीन अधिकारी सभक पचासीम सम्मेलन आइ सँ पटना मे शुरू भेल अछि। लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला सम्मेलनक उद्घाटन करैत जनौलनि जे बिहार भारतक संस्कृति, परंपरा आओर लोकतंत्रक मुख्य हिस्सा रहल अछि। श्री बिरला जनौलनि जे लोकतांत्रिक मूल्य हरेक स्थिति मे सुरक्षा कयल जयबाक चाही। ओ जनौलनि जे लोकतंत्र मे सहमति आओर असहमति बनल रहैत अछि। एकर बादो सदनक गरीमा आओर प्रतिष्ठाक ध्यान रखबाक चाही। श्री बिरला जनौलनि जे विभिन्न राजनीतिक दल सभ के आचार संहिता बनेबाक चाही। जाहि सँ सदन बढ़ियाँ सँ चलि सकय। ओतहि, राजसभाक उपसभा पति हरिवंश अपन संबोधन मे जनौलनि जे देश मे लोकतांत्रिक मूल्यक जखन गप होयत अछि तऽ बिहार नाम सभ सँ पहिने लेल जायत अछि। विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव जनौलनि जे लोकतांत्रिक मूल्यक बढ़ाबय मे विधानसभा आओर विधान परिषदक भूमिका बेसी पैघ अछि। विधान परिषदक सभापति अवधेश नारायण सिंह, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, मंत्री श्रवण कुमार सहित आनो–आन गणमान्य लोक सभ सभा के संबोधित कयलनि। विधानसभाक उपसभापति नरेन्द्र नारायण यादव धन्यवाद भाषण देलनि।

---

दू दिवसीय सम्मेलनक बीच **संविधान की पचहत्तरवी वर्षगांठ–संवैधानिक मूल्यों को सशक्त बनाये रखने मे संसद और राज्य विधान मंडलों का योगदान–** विषय पर कतेको राज्य सभ सँ आयल प्रतिनिधी सभ अपन विचार रखताह। समारोह मे तीन सय प्रतिनिधी सभ भाग लऽ रहल छथि। सम्मेलन काल्हि समाप्त भऽ जायत समापन समारोह मे राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आओर लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला भाग लेताह।

---

लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला आइ बिहार विधान मंडल परिसर मे राष्ट्रीय ई–विधान अप्लीकेशन सेवा केन्द्रक उद्घाटन कयलनि। ओ एमएन कॉल आओर एसएल शकधर द्वारा

लिखल गेल संसदीय प्रक्रियाक नियम पुस्तिकाक आठम संस्करणक सेहो लोकार्पण कयलनि। एहि सँ पहिने काल्हि मुन्हारि सांझ विधायी निकायक सचिव सभक एकसठम सम्मेलन भेल।

———————————————————————————

भारतीय खाद्य– सुरक्षा आओर मानक प्राधिकरण प्रयागराज मे चलि रहल महाकुंभ दू हजार पचीस मे श्रद्धालु सभके सुरक्षित आओर साफ–सुथरा भोजन देबाक लेल पैघ स्तर पर कड़गर डेग उठौलक अछि। हमर संवाददाताक अनुसार खाद्य–सुरक्षा अधिकारी मोबाइल खाद्य परीक्षण प्रयोगशालक तैनाती आओर जागरूकता अभियान सँ प्रधिकरण महाकुंभ मेलाक बीच खाद्य सुरक्षा देबाक लेल सभसँ आगू अछि।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ प्रगति यात्राक क्रम मे सुपौल जिला मे तीन सय करोड़ टाकाक विकास योजनाक उद्‌घाटन आओर शिलान्यास कयलनि। श्री कुमार एहि बीच नव बनल टाउन हॉल आओर सुधा डेयरी प्लांटक विस्तारित संयंत्रक शुभारंभ सेहो कयलनि।

———————————————————————————

राजदक वरिष्ठ नेता आओर विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव जनौलनि अछि जे अगिला चुनाव मे कांग्रेस आओर वांम दलक संग गठबंधन कायम रहत। औरंगाबाद मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत ओ जनौलनि जे राज्यक जनता बदलि चाहैत अछि। श्री यादव जनौलनि जे राजदक सरकार पहिने समाजिक न्याय लेल काज कयने छल। आब आगू लोकसभ के आर्थिक न्याय देबाक लेल काज करत।

———————————————————————————

एम्हर, भारतीय जनता पार्टीक बरिष्ठ नेता आओर राष्ट्रीय प्रवक्ता– शहनबाज हुसैन जनौलनि जे अगिला विधानसभा चुनाव मे नीतीश कुमारक नेतृत्व मे एनडीए गठबंधनक जीत तय अछि। समस्तीपुर मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री कुमार दाबा कयलनि जे एनडीए प्रचंड बहुमत संग आपसी करत।

———————————————————————————

राजधानी पटना सहित प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे तापमान बढ़ला सँ ठंडा थोडेक कम भेल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार बेसी ठाम दिन मे रौद उगला सँ न्यूनतम तापमान औसत दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस बढ़ल अछि। संगहि, राज्यक उत्तर–पश्चिम

आओर दक्षिण–पूर्वी क्षेत्र मे किछु ठाम ठंड़ा आओर कुहेस असरि अखन बनल अछि। पछिला चौबीस घंटाक बीच रोहतासक डेहरी राज्यक सभ सँ बेसी ठंढ़ा स्थान रहल जतय न्यूनतम तापमान छओ डिग्री सेल्सियस बनल रहल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे अगिला तीन दिन धरि न्यूनतम तापमान बढैत रहत।

————————————————————————————————

एम्हर, ठंढा कम भेला सँ पटना, मुंगेर सहित कतेको जिला मे विद्यालय मे पठन–पाठनक काज आइ सँ शुरू कऽ देल गेल अछि। जिला प्रशासन पठन–पाठ लेल विद्यालय भोर नओ बजे सँ अपराह्न साढे तीन बजे धरि चलेबाक लेल जनौलक अछि।

————————————————————————————————

समाप्त